



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE PREZIDAN BIDEN POU LI MOBILIZE
GOUVÈNMAN FEDERAL LA POU LI BAY ABRI POU MOUN K AP CHÈCHE AZIL K
AP RIVE NAN VIL NEW YORK YO**

Gouvènè a mande sipò FEMA, Depatman Defans Etazini ak Sèvis Pak Nasyonal

*Gouvènè a te konvoke manm Kongrè a, Egzekitif yo nan Konte a, ak Majistra pou
diskite sou repons Eta a pou ekspirasyon Tit 42 a*

*Repons kontinyèl Gouvènè a pou moun k ap chèche azil k ap rive yo enkli 1 milya
dola èd nan bidjè ane fiskal 2024 la, mobilizasyon 1,500 manm Gad Nasyonal, ak
Dekrè Egzekitif pou ogmante resous ki disponib*

Ou Kapab wè lèt Gouvènè Hochul te voye bay Prezidan an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon lèt bay Prezidan Biden, pou mande l pou li repati resous federal adisyonèl yo bay Eta New York pandan l ap fè fas ak yon kantite moun san presedan k ap chèche azil ki dwe rive lè Tit 42 a ekspire. Apati konvèsasyon k ap kontinye ak lidè federal, eta ak lokal yo, nan kòmansman jounen an, Gouvènè Hochul te òganize reyinyon avèk delegasyon Kongrè bipatit New York, Asosyasyon Konte New York yo, ak Konferans Majistra New York yo pou bay mizajou sou efò Eta a ap fè pou sipòte moun k ap chèche azil ak plis èd ki nesèsè pou rezoud sityasyon sa a.

"Nouyòkè yo ap travay ansanm pou akeyi moun k ap chèche azil yo epi pou bayabri ak resous ki nesèsè pou moun sa yo ki senpleman ap vin nan eta nou an pou chèche yon lavi miyò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan plizyè mwa, mwen te ankouraje lidè federal nou yo pou yo bay New York fleksibilite ki nesèsè ak sipò adisyonèl pandan n ap jere kantite moun san presedan k ap chèche azil k ap rive nan eta nou an. Mwen pral kontinye travay men nan men ak lidè ki soti nan tout nivo gouvènman an pou kowòdone repons nou an nan tout eta a epi sekirize resous nou bezwen pou sipòte nouvo moun k ap rive sa yo".

Aksyon jodi a se efò Gouvènè Hochul fè ki pi resan pou fè fas a moun k ap chèche azil k ap rive nan New York yo. Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul [te pibliye](#) yon Dekrè Egzekitif k ap bay Eta a plis fleksibilite pou jwenn resous ki nesèsè pou minisipalite yo pou sipòte moun k ap chèche azil yo pandan l ap pèmèt eta a ogmante

mobilizasyon 1,500 manm sèvis Gad Nasyonal k ap bay sipò lojistik ak operasyonèl. Gouvènè Hochul te travay tou avèk Lejislati a pou enkli [angajman](#) finansman 1 milya dola nan bidjè eta ane fiskal 2024 la pou Vil New York, ki gen ladan 741 milyon dola pou depansabri, 162 milyon dola pou sipòte prezans Gad Nasyonal k ap kontinye, 137 milyon dola nan swen sante atravè NYC Care, 26 milyon dola nan asistans piblik, 25 milyon dola pou demenajman volontè fanmi yo pou ale nan lojman pèmanan ak yon lòt 5 milyon dola pou sipò amelyore atravè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, ak 10 milyon dola pou asistans legal atravè Biwo Nouvo Ameriken yo.

Gouvènè Hochul te toujou chèche plis sipò federal, espesyalman konsènan finansman epi te redui peryòd datant anvan moun k ap chèche azil yo kapab travay legalman, nan konvèsasyon ak Prezidan Biden, Sekretè DHS Mayorkas, Prezidan Ekip Zients, ansyen Prezidan Ekip Klain ak lòt responsab federal. Tèks konplè lèt Gouvènè Hochul te voye bay Prezidan an anba a:

Chè Prezidan Biden:

Kòm previzyon plizyè milye moun k ap chèche azil ki gen pou rive nan Vil New York chak semèn, m ap soumèt demann sa a pou Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) la pou dirije Depatman Defans (Department of Defense, DOD) ak Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service, NPS) pou bay Eta New York asistans atravè konstriksyon imedyat ak operasyonabri tanporè sou tè ak pwopriyete federal pou loje moun k ap chèche azil politik. Itilizasyon yon pòsyon nan Floyd Bennett Field nan Zòn Rekreyasyon Nasyonal Gateway la ak lòt espas sou enstalasyon militè yo, ki gen ladan resous naval yo, nan ak atravè Nòdès la nesèsè pou itilize tout espas ki disponib pou kenbe sèvis piblik enpòtan ak esansyèl yo, espesyalmanabri ak lojman.

Kòm ou konnen, an out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispann Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste, yo konnen li tou kòm Tit 42. Òdonans sa a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontyè Etazini nan oswa toupre peyi Etazini ak fwontyè kotyè adjasan yo.

Vil New York (New York City, NYC) depase kapasite nan sistèmabri li a ki gen ladan bay lojman tanporè ak sipò pou plis pase 36,700 imigran nan 120 lokal. Vil New York te ouvri plizyè douzèn Sant Repons ak Sekou pou Ijanman ak sant relèv akoutèm, ki te okipe plis pase 40 pousan pak otèl nan nivo entèmedyè nan vil New York.

Lè nou konsidere dimansyon kriz imanitè a, eta a manke enfrastruktir, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanitè imedyat pou loje ak reponn a lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran yo. Sipò federal atravè FEMA, DOD ak NPS pou

konstwi ak opere lojman tanporè sou enstalasyon militè yo ak nan Floyd Bennett Field nesese pou kenbe sèvis piblik enpòtan ak esansyèl yo, espesyalmanabri ak lojman.

Pou fè demann sa a, mwen sètifye bagay sa yo: Mwen detèmine ke ensidan sa a se yon bagay ki tèlman nan yon nivo gravite ak anplè ke repons efikas depase kapasite Eta a ak gouvènman lokal ki afekte a epi asistans federal siplemantè nesese; an repons a ensidan sa a, mwen te pran mezi apwopriye dapre lwa Eta a epi mwen te mande egzekisyon Plan Ijans Eta a an akò ak Lwa Stafford; epi gouvènman Eta a ak gouvènman lokal yo pral ranbouse FEMA pou pati ki pa Federal nan depans travay sa yo.

An akò ak 44 C.F.R. § 206.34, Eta dakò ke li pral, anrapò ak asistans sa a: bay Etazini, san frè, tout tè, sèvitid, ak dwa pasaj ki nesese pou akonpli travay yo apwouve a; kenbe epi sove Etazini kont domaj akòz travay yo mande a, epi dwe dedomaje Gouvènman Federal la kont nenpòt reklamasyon ki dekoule travay sa a; epi ede ajans Federal la nan tout sipò ak zafè jiridiksyon lokal yo.

Avèk Tit 42 a ki ofisyèlman anile, ak pwosesis konstriksyon ki prevwa dire plizyè semèn sa ap mande pou konstwiabri tanporè, mwen mande pou yo apwouve demann sa a imedyatman.

Mèsi pou atansyon w.

Ou Kapab wè lèt Gouvènè Hochul te voye bay Prezidan Biden lan [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)